



Pati I: Leson 4

## Tounen yon bon tè : Konnen Jezi

Tè ki donnen anpil : komanse yon lavi tounèf ak jezi

---

**Lafwa kretyen an komanse epi fini ak Jezi Kris.** Se pa yon latrье lwa ak règ. Lafwa kretyen an se viv yon **relasyon** ak Kris ki te resiste a. Se yon relasyon avek yon Bondye pèsonèl ki sansib anpil pou ou. Apòt Pòl ekri nan Filipyen 3 :7-11,

*Men, bagay sa yo ki te yon benefis pou mwen, se menm yo menm nan, mwen konsidere tankou yon defisi, akòz Kris. Okontrè menm, konnen Jezi Kris, Senyè mwen, tèlman siperyè, mwen konsidere tout bagay tankou yon defisi. Akòz li menm, mwen fè defisi sou tout bagay. E, mwen menm konsidere yo tankou fatra, dekwa pou muwen ka benefisyè Kris, epi dekwa pou yo ka jwenn mwen nan li. Sa vle di, mwen p ap gen jistis pa muwen, sa ki soti nan lalwa a. Men, m ap gen jistis, moun jwenn grasa lafwa yo nan Kris, jistis ki soti nan Bondye dapre lafwa a. Epi ankò, mwen konsidere yo konsa, dekwa pou mwen ka konnen ni li menm, ni pisans ki resiste l la, ni patisipasyon nan soufrans lanmò l la. Konsa, m a konfòm avèk li nan lanmò li, epi si sa posib, m ap rive, jis lè mò yo ap resiste.*

## PLAN POU OU GRANDI



Nan lesion sa a, ou pral aprann twa bagay ki pi enpòtan **konsènan kiyès Jezi ye, epi kisa li te fè pou ou.**

- 1) Jezi se an menm tan Bondye epi Moun
- 2) Jezi se Sovè ak Senyè
- 3) Jezi se sèl chimen delivrans lan



Avan w ale pi lwen, fè yon ti kanpe epi mande Bondye pou ede w konprann pawòl Li, pou ede w viv chak jou nan prezans Li, epi pou ou tounen moun Li vle ou ye a.

## YON ISTWA SOU JEZI: JEZI RESISITE LAZA (Jan 11:1-45)



Pasaj sa a se yon istwa dramatik nan lavi Jezi ki pèmèt nou wè tou de pati yo nan moun li ye a.

*Te genyen yon moun ki te malad. Se te Laza. Li te moun Betani, vil Mari ak Mat, sè Mari a. Se Mari ki te vide pafen sou Senyè a epi ki te siye pye Senyè a ak cheve l la. E, se frè li, Laza, ki te malad. Epi, sè yo voye kote Jezi, yo di: Senyè, men moun ou renmen an malad!*

*Men, lè Jezi tande sa, li di: Maladi sa a pa la pou lanmò. Okontrè, li la pou glwa Bondye. Konsa, Bondye va glorifye Pitit li a nan maladi a. Jezi te renmen ni Mat, ni sè l la, ni Laza. Donk, lè li tande Laza malad, li rete de jou ankò kote li te ye a. Apre sa, li di disip li yo: Ann ale Jide ankò!*

*Apre li fin di bagay sa yo, li di yo ankò: Zanmi nou an Laza ap dòmi. Men, ann ale pou nou ka leve li. Donk, disip li yo di: Senyè, si l ap dòmi, li va geri. Jezi t ap pale de lanmò Laza. Men, yo menm, yo te panse se de dòmi repoze, Jezi t ap pale.*

*Donk, lè sa a, Jezi di yo aklè: Laza mouri! Poutèt nou menm, mwen kontan mwen pa t la, dekwa pou nou kapab kwè. Men, ann ale jwenn li.*

*Donk, Toma, sa yo rele Jimò a, li di disip parèy li yo: Ann ale, nou menm tou, pou nou ka mouri avèk li.*

*Donk, lè Jezi rive, li jwenn Laza te deja nan tonm depi kat jou. Men, Betani te tou pre Jerizalèm. Distans la se te kenz estad konsa. Anpil nan Jwif yo te al jwenn moun ki kote Mat ak Mari yo pou yo te ka konsole yo poutèt frè yo a. Donk, lè Mat tande Jezi ap vini, l al rankontre li. Mari, li menm, rete chita nan kay la.*

*Epi, Mat di Jezi: Senyè, si ou te la, frè m nan pa t ap mouri. Okontrè, menm kounye a, mwen konnen tout sa w mande Bondye, Bondye ap ba ou li.*

*Jezi di li: Frè w la ap resistite.*

*Mat di li: Mwen konnen l ap resistite nan rezirèksyon ki nan dènye jou a.*

*Jezi di li: Mwen se rezirèksyon an. Mwen se lavi a. Yon moun ki kwè nan mwen, menm si l ta mouri, li va viv. Epitou, moun k ap viv epi ki kwè nan mwen, li p ap janm mouri ditou. Èske w kwè sa?*

*Li di li: Wi, Senyè. Mwen kwè se ou menm ki Kris la, Pitit Bondye a, sila ki vini nan lemonn nan.*

*Lè Mat fin di bagay sa yo, l ale. Li rele Mari, sè l la. Li di li an sekèrè: Mèt la vini! Men l ap rele w! Lè Mari tande sa, li leve byen vit, l ale kote Jezi. Jezi pa t ko antre nan vil la, men, li te menm kote Mat te rankontre l la. Jwif yo te nan kay la ak Mari, yo t ap konsole li. Donk, lè yo wè l leve ale byen vit, yo suiv li. Yo di: Li pral kriye bò tonm nan.*

*Epi, Mari rive kote Jezi te ye a. Lè l wè Jezi, li tonbe nan pye l. Li di li: Senyè, si ou te la, frè m nan pa t ap mouri.*

*Donk, li t ap kriye. Jwif ki te vini avèk li yo t ap kriye tou. Lè Jezi wè sa, li twoouble nan lespri li, li fremi nan kè li. Epi, li di: Ki kote nou mete l?*

*Yo di li: Senyè, vin wè.*

*Jezi kriye.*

*Donk, Jwif yo di: Gade kòman li te renmen li!*

*Men, kèk nan yo di: Li te ouvri je avèg la, li ta kapab fè dekwa pou Laza pa t mouri tou, pa vre?*

*Donk, Jezi twoouble nan lespri l ankò. Epi, l ale bò tonm nan. Se te yon gwòt. Yo te mete yon wòch sou li. Jezi di: Wete wòch la.*

*Mat, sè mò a, di li: Senyè, li gen odè déjà. Paske, sa fè kat jou!*

*Jezi di li: Èske mwen pa t di w, si ou kwè, ou va wè glwa Bondye?*

*Donk, yo wete wòch ki te kote mò a te ye a. Jezi leve je l anlè. Li di: Papa, mwen rann ou gras, paske ou koute mwen. Mwen menm, mwen konnen ou toujou koute mwen. Men, mwen pale poutèt foul ki kanpe la a, pou yo ka kwè se ou menm ki voye mwen.*

*Lè li fin di bagay sa yo, li rele byen fò: Laza, soti deyò! Epi, mò a soti. Ni pye li ni men li te mare ak bandaj. Figi li te vlope nan yon mouchwa.*

*Jezi di yo: Demare li. Epi, kite l ale.*

*Donk, nan Jwif ki te ale kote Mari yo epi ki te wè bagay Jezi te fè yo, anpil te kwè nan li.*

***Apre ou fin li istwa sa ki pale de Jezi a, ki enpak sa fè sou, ki sa ou panse, ki sa ou santi ?***

***Ki mo ou ta ka itilize pou w di kiyès Jezi ye ?***

Istwa sa a montre aklè tou de pati ki di kiyès Jezi ye : pati Bondye ak pati Moun. Nan tablo anba a, fè lis tout kalite ki makonnen ak de pati sa yo jan yo parèt nan istwa a.

Kalite ki montre Jezi genyen yon pati Moun	Kalite ki montre Jezi genyen yon pati Bondye

Nan lòt seksyon an, ou pral pran tan gade twa vérité ou pa dwe bliye sou Jezi ; se sou sa konesans ou ak adorasyon w dwe chita.

## FOUYE PI FON: BYEN GADE, REFLECHI SOU LAVI JEZI



### I. JEZI SE BONDYE AK MOUN AN MENM TAN (Jan 1:1-5, 14)

Li pasaj sa a, epi souliye tout mo ki esplike kiyès Jezi ye.

*O kòmansman, Pawòl la te la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. Pawòl la te avèk Bondye o kòmansman. Se grasa li, tout bagay te vin egziste. E, nan bagay ki te vin egziste yo, pa menm youn te vin egziste san li. Se nan li lavi te ye. E, lavi a te limyè lèzòm. Limyè a klere nan fènwa. Men, fènwa a pa t resevwa li... Pawòl la vin tounen chè. Li te abite pami nou. Li te plen avèk gras ak verite. E, nou te wè glwa li, yon glwa tankou glwa yon sèl Ptit ki soti kote Papa a.*

Sèvi ak tablo sa a pou w fè lis tout sa ki esplike kiyès Jezi ye nan Jan 1 :1-5

Jezi, pawòl la	Koman li montre kiyès Jezi ye ?
<i>O kòmansman, Pawòl la te la (v.1)</i>	
<i>Pawòl la te avèk Bondye o kòmansman (v.2)</i>	
<i>Pawòl la te avèk Bondye (v.1)</i>	
<i>Pawòl la te Bondye (v.1)</i>	
<i>Se grasa li, tout bagay te vin egziste. E, nan bagay ki te vin egziste yo, pa menm youn te vin egziste san li (v.3)</i>	
<i>Se nan li lavi te ye. E, lavi a te limyè lèzòm (v.4)</i>	
<i>Limyè a klere nan fènwa. Men, fènwa a pa t resevwa li... (v.5)</i>	
<i>Pawòl la vin tounen chè. Li te abite pami nou (v.14)</i>	

*Koman w tap reponn si yon moun ta di w Jezi te sèlman yon bon moun ?*

Pou bay plis mwayen pou demontre Jezi te gen yon kò moun, Nouvo Testaman an rasanble prèv sa yo :

1. *Li te fèt (Lik 2 :7)*
2. *Li te grandi (Lik 2 :40, 52)*
3. *Li te fatige (Jan 4 :6)*
4. *Li te swaf (Jan 19 :28)*
5. *Li te grangou (Mat.4 :2)*
6. *Li te fèb fizikman li (Mat.4 :11 ; Lik 23 :26)*
7. *Li te mouri (Lik 23 :46)*
8. *Li te genyen yon kò moun tout bon apre rezireksyon (Lik 24 :39 ; Jan 20 :20,27)*

Atravè tout Levangil yo, Jezi montre plizyè emosyon :

1. *Le te poze tèt li kesyon (Mat.8 :10)*
2. *Nanm ni te tris anpil, menm jouk nan lanmò (Mat.26 :38)*
3. *Li te twouble anpil nan lespri L, Li te vreman deranje epi li te menm kriye (Jan 11 :33-35)*
4. *Nanm li te twouble (Jan 12 :27)*
5. *Li te twouble nan lespri L (Jan 13 :21)*
6. *Moun ki te ekri liv Ebre a di « Jezi te prezante priyè ak siplikasyon ak gwo rèl epi ak gwo kriye (Ebre 5 :7)*

**Jezi te menm jan ak ou nan tout fason nou te ka gade sa. Li gen kò, kè, lespri ak volonté, eksepte pou peche.**

## 2. JEZI SE SOVÈ AK SENYÈ

Pasaj nou pral wè la, se pati yon mesaj Pyè, disip Jezi te preche, yon ti tan apre Senyè a te mouri epi resiste devan je plizye milye moun nan Jerizalem.

*Alò, Pyè kanpe avèk Onz yo. Li leve vwa li. Epi, li di moun yo: Nou menm Jwif yo ak tout moun ki abite Jerizalem, nou konnen sa byen! Koute pawòl mwen... se bagay sa a pwofèt Jowèl t ap pale a :*

*Bondye di: "Men sa ki va rive nan dènye jou yo:*

*Mwen va vide nan Lespri mwen sou tout moun...*

*Mwen va fè mèvèy anwo nan syèl,*

*Epi mirak-siy anba sou latè:*

*Mwen va fè sa anvan jou Senyè a, Gran jou a, jou mèvèy la !*

*Lè sa a, tout moun ki rele non Senyè a, y ap sove!"*

*Nou menm Izrayelyen, koute pawòl sa yo: Jezi, moun Nazarèt, se yon nonm Bondye te demontre devan nou. Vrèmanvre, menm jan nou menm, nou konnen an, Bondye te fè mirak, mèvèy, ak mirak-siy avèk li, nan mitan nou. Dapre plan Bondye te deside epi dapre konesans li te genyen davans, yo te trayi nonm sa a. Lè nou te pran li, nou sèvi ak men moun rebèl pou nou klosure li sou yon kwa. Nou tiye li. Men, Bondye resiste li. Bondye delivre li anba doulè*

*lanmò. Paske, li pa t posib pou lanmò te kenbe li... Donk, tout fanmi Izrayèl la dwe konnen sa: Jezi sa a nou te krisifye a, Bondye fè li ni Senyè, ni Kris! (Travay 2 :14-36)*

### ***Kisa ki rive tout moun ki site non Senyè a ?***

N ap di sa ankò, lavi kretyen an komanse epi fini avèk Jezi Kris. Li te fè yon aksyon total kapital sou lakwa, kote li te bay lavi L pou ou, epi nan yon tonbo vid, kote Li te ranpòte laviktwa sou lanmò ak tout lòt fòs ki te kenbe nou lwen Bondye. Anfen, Li se an menm tan Senyè ak Sovè.

### ***Poukisa Jezi se Senyè ak Sovè ? Li pasaj sa yo epi ekri nan pwòp mo pa w sa ou konprann :***

*Paske, pandan menm nou te fèb, Kris mouri pou moun mechan nan tan ki te fikse a. Vrèmanvre, se apèn si yon moun ta asepte mouri pou yon moun ki jis. Petèt ankò, yon moun ta oze mouri pou yon moun ki bon. Okontré, men kijan Bondye pwouve lamou pa li pou nou: Se pandan menm nou pechè a, Kris mouri pou nou! Donk, si kounye a Bondye jistifye nou nan san Kris, se plis rezon toujou ki fè l ap sove nou anba kòlè, grasa Kris. Vrèmanvre, si lè nou lènmi Bondye, li rekonsilye nou avèk li grasa lanmò Ptit li a, ebyen, kòm li rekonsilye nou, se plis rezon toujou ki fè l ap sove nou nan lavi Kris. E, se pa sa sèlman. Okontré menm, nou gen lajwa nan Bondye grasa Jezi Kris, Senyè nou an. Se grasa li menm ki fè kounye a nou jwenn rekonsilyasyon an (Women 5 :6-11).*

*Se Bondye sa a ki sove nou epi ki fè nou yon apèl ki sen. E se pa poutèt zèv nou te fè, men se dapre plan l epi dapre gras, li ban nou nan Jezi Kris, anvan tan letènité te kòmanse. Men, kounye a, li montre gras la nan parèt Sovè nou, Jezi Kris, te parèt la. Jezi detui lanmò. Epi, grasa levanjil la, li fè limyè klere sou lavi ak imòtalite (2 Timote 1 :9-10).*

***Tit « Senyè a » vle di yon moun ki genyen otorite, kontwòl ak pouvwa sou lòt moun ; yon mèt oswa yon gouvènè ; yon moun ki genyen gwo enfiliyans. Li Kolosyen 1 :15-23, epi 2 :9-10, epi fè lis tout rezon ki fè yo gade Jezi tankou Senyè, jan sa parèt nan vèsè yo.***

*Li se imaj Bondye envizib la. Li se Premye-Pitit sou tout lakreyasyon. Paske, se nan li Bondye kreye tout bagay, bagay ki nan syèl ak bagay ki sou latè, bagay ki vizib ak bagay ki envizib, kit se twòn, kit se souvren, kit se chèf, kit se otorite: Bondye kreye tout bagay grasa li epi pou li. Li anvan tout bagay. E, se nan li, tout bagay ret kole ansanm. Li se tèt kò a, sa vle di legliz. Li se kòmansman ; li se Premye-Pitit pami mò yo, dekwa pou nan tout bagay, se li ki gen premye plas. Paske, Totalite a ann antye pran plezi pou l abite nan li, epi pou l*

rekonsilye tout bagay avèk li menm, grasa li : Kit se bagay nan syèl, kit se bagay sou latè. Se grasa li, paske sou kwa a, li fè lapè grasa san li.

Nou menm tou, yon lè, se etranje nou te ye ; nou te lènmi nan lide nou ak nan move travay nou t ap fè yo. men, kounye a, grasa lanmò li, li rekonsilye nou nan kò li, sa vle di nan chè li. li fè sa pou li ka prezante nou sen, san defo, san repwòch devan je li. e, sa se si nou rete nan lafwa, sa vle di, si nou gen fondasyon, si nou fèm, epi si nou pa brannen nan esperans levanjil nou te tande a. se menm levanjil sa a y ap preche tout kreyati anba syèl la. e se sèvitè levanjil sa a mwen menm, pòl, mwen vin ye (Kolosyen 1 :15-23).

Alòske, se nan Kris, Totalite Bondye abite ann antye sou fòm yon kò. E, NOU total nan li, li menm ki sou tèt tout chèf ak sou tèt tout otorite (Kolosyen 2 :9-10).

**Sak fè yo rekonèt Jezi kòm Senyè nan Kolosyen 1 :15-23 ; 2 :9-10 ?**

### 3. JEZI SE SÈL CHEMEN DELIVRANS LAN

Jezi di li: « Mwen se chemen an, mwen se verite a, mwen se lavi a. Pèsonn pa ka ale kote Papa a, si li pa pase pa mwen menm. Si nou te konnen mwen, nou ta konnen Papa mwen tou. E, depi kounye a, nou konnen li. Nou wè li tou » (Jan 14 :6-7).

**Koman ou kapab repeète pawòl Jezi yo nan pwòp mo pa w?**

**Ki deklarasyon li fè nan pasaj sa a?**


**Si nou konnen Jezi, kiyès nou konnen ?**

Vrèmanvre, se yon sèl Bondye ki genyen, e se yon sèl medyatè ki genyen ant Bondye ak lèzòm, se yon nonm: Jezi Kris. Li bay pwòp tèt li pou l peye pou tout moun (1 Timote 2 :5-6).

Yon medyatè se yon moun ki pote rekonsilyasyon ak konpreyansyon ant de moun oswa de gwooup.

**Poukisa Jezi se sèl chemen delivrans lan ?**

Poutèt sa tou, Bondye leve li [Jezi] byen wo.  
E, li ba li yon Non ki sou tèt tout non.  
Konsa, tout jenou dwe koube devan Non Jezi,  
ni nan syèl, ni sou latè, ni nan latè!  
Konsa tou, tout lang dwe deklare Jezi Kris se Senyè,  
pou glwa Bondye Papa a (Filipyen 2 :9-11).



# TOUNEN YON BON TÈ : KÒMAN OU KAPAB KONNEN JEZI



## I. PRATIKE PAWÒL LAVERITE SA YO

*Okontrè menm, konnen Jezi Kris, Senyè mwen, tèlman siperyè, Mwen konsidere tout bagay tankou yon defisi... Epi ankò, mwen konsidere yo konsa, dekwa pou mwen ka konnen ni li menm, ni pisans ki resiste l la, ni patisipasyon nan soufrans lanmò l la (Filipyen 3 :8,10).*

*Nan vèsè sa, kisa ki se premye objektif nou vle reyalize a ?*

*Bay kèk fason ou kapab konnen yon moun, tankou yon manm fanmi, yon zanmi ?*

*Bay kèk fason ou kapab konnen Jezi pi byen ?*

*Nan desizyon chak jou epi nan fason ou viv lavi w, koman w kapab montre Jezi se Senyè nan lavi w ?*

## 2. ANGAJMAN POU VIV DAPRE PAWÒL LAVERITE SA YO

Pran yon ti tan ak Mentò ou pou diskite sou koman ou pral aplike verite sa yo nan lavi w chak jou.  
**Ekri tout angajman w yo.**



Avek Mentò ou a, epi lòt disip yo, **priye ansanm** pou nou mande Bondye dirije chimen w, pou fòtifye epi proteje w, epi ba ou sa ou bezwen pou w viv chak jou.

**Li Filipyen 3 :10-11 chak jou pandan semèn sa :** *Epi ankò, mwen konsidere yo konsa, dekwa pou mwen ka konnen ni li memm, ni pisans ki resisite l la, ni patisipasyon nan soufrans lanmò l la. Konsa, ma konfòm avèk li nan lanmò li, epi si sa posib, m ap rive, jis lè mò yo ap resisite.*

### 3. REFLECHI SOU VERITE SA YO

Lè ou pou kont ou, fè ti egzèsis lapriyè sa.

Chèche de chèz, mete yo youn anfas lòt. Chita sou youn. Kounya imagine Jezi chita sou chèz ki nan kote anfas ou a (si ou pa ka jwenn de chèz, ou mèt chita atè a, epi imagine Jezi chita anfas ou atè a tou).

Jezi ap tann ou ak pasyans pou L tandé lapriyè ak demann ou yo. Lap tandé w, li renmen w. Kisa ou te bezwen di Jezi ? Ale, rakonte L.

Kounya ou fin pale, eske Jezi di w yon pawòl ? Pran yon ti tan pou w tandé.

Ou mèt fini ak tan lapriyè avèk larekonesans ak konfyans nan kè w.



Tradui pa Jean-Mario Michel

© 2021 International Strategic Alliances, Inc. (ISA)

Dokiman sa yo vize fòmasyon moun sèlman, yo kapab kopye epi sèvi avèk yo pou kalite travay konsa, men yo pa dwe fè chanjman nan yo san International Strategic Alliances pa bay otorizasyon pou sa.

Tout pasaj Labib yo sòti nan Bib Kreyòl La (BKL), si se pa sa nou fè w konnen sa nan yon nòt.

